



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY FÒS LÒD YO KONT MOUN K AP KONDUI
AK KAPASITE KI AFEBLI AKOZ DWÒG NAN DAT 20/04**

***Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a fòme ofisye yo pou yo idantifye kapasite
afebli ki gen rapò ak dwòg ak alkòl***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke lapolis Eta New York ak fòs lòd lokal yo pral mete sou pye patwouy ak sibler moun ki ap kondui ak kapasite afebli pandan yon kanpay pou aplikasyon lwa ak prevansyon nan dat 20 avril.

"Kondui ak kapasite afebli akòz dwòg se yon chwa ensousyan, ki danjere ki mete tout moun sou wout nou an danje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou evite konsekans mòtèl, pa moute dèyè volan an epi toujou asire w ke w gen yon plan vwayaj pou w rive lakay ou an sekirite."

Lapolis Eta a, Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles, DMV) ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a raple otomobilis yo ke kondwi anba enfluyans dwòg ak alkòl, enkli kanabis, non sèlman danjere, li ilegal nan Eta New York.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (GTSC) administre pwogram fòmasyon pou Ekspè nan Rekonesans Dwòg (Drug Recognition Experts, DRE), ki fòme ofisye yo pou yo rekonèt kapasite afebli ak chofè ki anba enfluyans dwòg yo. GTSC te òganize sis fòmasyon DRE an 2022, epi li te ajoute 99 ofisye DRE anplis, sa ki te fè total la vin 432 nan tout eta a, ki gen ladan 134 Manm Patwouy Eta a. Objektif GTSC se ogmante kantite total ofisye ki resevwa fòmasyon nan tout eta a pou rive 550 nan fen 2023.

Anplis de sa, chak Manm Patwouy Eta gen obligasyon pou yo patisipe nan fòmasyon pou Aplikasyon Lwa Avanse kont Moun k ap Kondui ak Kapasite Afebli Akote Wout la (Advanced Roadside Impaired Driving Enforcement, ARIDE), ki pa vaste menm jan ak fòmasyon DRE a, men ki bay manm fòs lòd yo konpetans adisyonèl pou obsève, idantifye ak atikile siy kapasite afebli ki gen rapò ak dwòg ak alkòl yo. Nan tout eta a, 749 ofisye lapolis te konplete fòmasyon ARIDE la. Tou de kou fòmasyon avanse yo ofri pa GTSC la.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Kondwi ak kapasite afebli akòz dwòg lakòz plizyè milye blesi ak lanmò chak ane. Malerezman, gen anpil moun ki rekonèt danje ki genyen nan kondwi yon veyikil pandan yo anba enfluyans dwòg yo. Menm si ou santi ou byen, pa pran volan an. Lapolis Eta New York raple tout otomobilis yo ke byenke itilizasyon kanabis pou lwazi pa adilt yo legal, li toujou ilegal pou kondwi pandan ou gen kapasite afebli."

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a (Department of Motor Vehicles), ak Prezidan GTSC a Mark J.F. Schroeder te deklare, "Kondwi ak kapasite afebli se yon bagay ki ka evite a 100 pousan. Pandan ke itilizasyon kanabis pa adilt legal, kondwi anba enfluyans li ilegal. Lè w dèyè volan an apre w fin itilize kanabis ka ralanti tan reyaksyon w, afebli kowòdinasyon w ak kapasite w pou pran desizyon rapid, kidonk sa k ap mete tèt ou, pasaje ou yo ak lòt otomobilis yo an danje. Konsekans yo ka mòtèl. Si w ap konsome kanabis, pa kondui ak sou Fè yon plan pou pa moute sou wout la."

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Marijàn nan Chris Alexander te deklare, "Li senp: pa kondwi apre ou fin konsome kanabis. Li te danjere epi li te kont lwa anvan yo te legalize kanabis nan Eta New York, epi li toujou danjere epi li toujou kont lwa jodi a."

Administrasyon Nasyonal pou Sekirite Sikilasyon Otowout (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) Depatman Transpò Etazini an ofri konsèy sekirite sa yo epi li raple chofè yo danje ki genyen nan kondwi ak kapasite afebli akòz alkòl oswa itilizasyon kanabis:

- Si w ap planifye pou konsome kanabis, pa kondwi. Deziyen yon chofè modere ki p ap konsome oswa itilize transpò piblik oswa yon sèvis pataj vwayaj. Yon moun ki ajite (sou) pa ta dwe pran desizyon sou kondwi; Se poutèt sa planifikasyon se kle.
- Dapre NHTSA, ant 2009 ak 2018, nan chofè sa yo ki te mouri nan aksidan epi ke yo te teste, prezans kanabis la te prèske double.
- An 2018, 46 pousan chofè ki te mouri nan aksidan epi ki te fè tès pou dwòg, te teste pozitif.
- Li pa gen enpòtan ki tèm ou itilize: Si yon moun santi li yon ti kras ajite, li gen tèt vire, defonse, epuize, oswa sou, li gen kapasite redwi epi li pa ta dwe janm moute dèyè volan an.
- Nan chak eta ak teritwa ameriken, li ilegal pou kondwi anba enfluyans dwòg — san okenn eksepsyon.
- Kit dwòg la legal ou pa, kondwi ak kapasite afebli akòz dwòg reprezante yon menas pou chofè a, pasaje yo, ak lòt itilizatè wout yo.
- Si w panse kondwi sou pa pral afekte w, ou fè erè: Yo montre ke kanabis ka ralanti tan reyaksyon yo, afebli pèfòmans mantal, epi fè li pi difisil pou chofè yo kenbe yon pozisyon ki estab nan liy yo.
- Pi bon defans ou kont chofè ki gen kapasite afebli sou wout la se senti sekirite ou. Mete li nan chak vwayaj, epi asire w ke pasaje ou yo fè sa tou.

Konsekans kondwi avèk Kapasite Afebli

- Yon frè pou kondui ak kapasite afebli ka detounen 10,000 dola pou ou nan frè pou avoka, amann, depans tribinal, tan pèdi nan travay, pi gwo to asirans, frè remokaj, ak plis ankò.
- Si yo bare w ap kondui anba enfliyans nenpòt sibstans ki lakoz kapasite afebli, ou ka fè fas ak prizon.
- Kondui ak kapasite afebli akòz dwòg ka lakòz ou pèdi pèmi kondui ou ak machin ou. Sa ka anpeche w al travay, sa ka lakòz ou pèdi salè epi, potansyèlman, pèdi travay.

Gen yon Plan pou Vwayaj Ansekirite

- Si ou te enjere yon sibstans ki lakoz kapasite afebli tankou kanabis, pa kondwi. Pasaje yo pa ta dwe janm monte yon chofè ki genkapasite afebli. Si w panse yon chofè gen kapasite afebli, pa monte nan machin nan.
- Si w gen kapasite afebli akòz dwòg, pase kle a bay yon chofè modere ki ka kondui w an sekirite pou mennen w nan destinasyon ou. Menm jan ak kondui sou, li esansyèl pou chofè ki gen kapasite afebli akòz dwòg evite kondui yon machin. Li pa janm bon pou w kondwi pandan w gen kapasite afebli akòz nenpòt sibstans.
- Èske w gen yon zanmi ki pral kondui pandan li gen kapasite afebli akòz dwòg? Pran kle a nan men li epi fè aranjman pou mennen li lakay li san danje. Pa enkyete w pou w ofanse yon moun — yo pral remèsye w pita.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418